

Non ak adrès vandè**2010 NÒT SOU RESPONSABILITE POU SÈVIS YO TE BAY DEJA****Moun kap resevwa sèvis yo:** _____ **Dat** _____**Frè(s) pou sèvis yo: \$** _____ **pou chak** _____

Ou resevwa nòt sa paske ou se moun non li make anlè a kap resevwa youn nan sèvis ki make anba a (o swa w ap ede moun nan), fòk ou peye pou sèvis pou moun non li make anlè a avè pwòp lajan w, oubyen paske ou responsab kòb moun non li anlè a. Si ou se moun non li make anlè a, nenpòt lè ou li "Moun nan" o swa "Ou Menm" nan nòt la, li vle di Ou menm.

Nou bay moun nan sèvis ki cheke anba a. Sa yo se sèvis Ofis Nou Yòk pou moun ki gen andikap nan devlopman revize.

- | | |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> MSC (Sèvis kowòdinasyon Medicaid) | <input type="checkbox"/> sèvis de tan zan tan |
| <input type="checkbox"/> tretman pandan la jounen | <input type="checkbox"/> sèvis sipò pou travay |
| <input type="checkbox"/> kay kote ou rete nan yon kominote | <input type="checkbox"/> pwogram OPTS pou de seri de sèvis |
| <input type="checkbox"/> kote pou rete nan yon kay | <input type="checkbox"/> pwogram OPTS pou tout kalite sèvis |
| <input type="checkbox"/> sèvis pou apran fè de seri de bagay | |

A pati de 15 Jwen, 2010, nenpòt moun kap resevwa nenpòt nan sèvis sa yo oblije genyen tip Medicaid ki peye pou yo o swa fòk yo peye pou sèvis yo. gen eliminasyon frè o swa rediksyon ki posib nan de seri de ka ki pa nòmal.

Lè yap ba Nou enfòmasyon

Jiska 15 Jwen, 2010, òk ou ba nou enfòmasyon ke nou mande yo. Si Medicaid pa kouvri sèvis yo, fòk nou wè si Medicaid o swa yon lòt moun ap peye. Menm si ou aksepte pou peye pou sèvis yo, nou ka mande pou plis enfòmasyon pou nou te ka wè kiyès ki gen pou peye pou sèvis yo, si nenpòt moun ki oblije peye ka peye e si Medicaid ap peye.

Nenpòt lè apre 15 Jwen, 2010, pandan nap bay sèvis yo, fòk ou pale nou de:

- Nenpòt nòt ke distri Medicaid la ba w sou moun nan si li pap nan Medicaid ankò. Fòk ou pale nou de nòt la pa zavan 5 jou pase apre ou resevwa li oubyen ou aprann sa.
- Nenpòt chanjman nan tip Medicaid ke moun nan genyen.
- Nenpòt chanjman nan kantite kòb moun nan fè, lajan sere o swa lòt byen, sitiyasyon lap viv, stati li pou imigrasyon o swa nenpòt lòt chanjman ki afekte patisipasyon moun nan nan Medicaid.
- Si w panse ke ou pa bezwen peye pou sèvis ankò, si w panse yon lòt moun sipoze peye, o swa si ou menm o swa yon lòt moun paka peye ankò.

Fòk nou pwoteje enfòmasyon ke nou resevwa yo. Se sèlman de seri de moun kap travay pou nou ki gendwa mande w pou enfòmasyon sa a ni wè li. Se bay Eta Nou Yòk ak lòt kap aplike pou benefis tankou Medicaid, Medicare, Sosyal Sekirite ak food stamps ke nou ka bay enfòmasyon sa.

Lè yap peye pou sèvis yo

Si moun nan deja gen bon kalite Medicaid la, fòk ou banou nimero idantite Medicaid Kliyan pou moun nan (o swa yon lòt bagay ki pwove ke li gen Medicaid) epi fòk moun nan kenbe Medicaid apre tou.

Si moun nan poko gen bon tip Medicaid la:

Wap oblije aplike pou Medicaid si pesonn pa peye nou pou sèvis yo epi nou pa fè rabè pou frè yo. Si w oblije aplike pou Medicaid, fòk ou fè tout sa ki legal kap kalifye moun nan pou bon tip Medicaid la e kap kenbe bon tip Medicaid la pou moun nan. Ou ka banou enfòmasyon epi kite nou ranpli aplikasyon an nou menm o swa ede w aplike.

OSWA

W ap oblije peye pou sèvis yo si pesonn lòt pa peye nou pou yo epi nou pa fè rabè pou frè yo. Si w responsab lajan moun nan, se lajan moun nan sèlman pou w sèvi, pa lajan pa w, pou w peye pou sèvis yo.

Bon kalite Medicaid la se sa kap peye pou sèvis moun nan resevwa yo.

Fòk ou fè saw kapab pou ou anrejistre moun nan nan Sèvis rabè baz kay ak kominote a (HCBS), Sòf si moun nan pa resevwa o swa mande okenn sèvis rabè HCBS Sèvis ki pa rabè HCBS se tretman la jounen, Sèvis kowòdinasyon Medicaid ak Sèvis ICF/DD.

Tout kòb yo ke nap chaje pou sèvis yo sou nòt la nan devan paj la o swa nan yon paj ki kole ak nòt sa. Si nou fè rabè pou frè a, fòk ou peye kantite li vinn ye a. Si nou redwi o swa elimine frè a, epi nou we ke w te kapab peye tout frè a, w ap oblije peye tout frè a. Nap ba w yon nòt ekri pou 30 jou si nou chanje o swa redwi o swa elimine frè yo. W ap toujou genyen pou w peye frè yo, e nap voye bil la ba w, menm si Leta peye nou pou sèvis yo e menm si lwa man pou nou ba w sèvis.

Nap voye bil ba w si w ap peye pou sèvis yo. Nap voye yon bil ba w chak mwa avan le 30 nan mwa ki vini apre a. Pa egzamp, nap voye bil Jwen an ba w avan 30 Jiyè. Si ou pa peye bil yo, nap eseye mande w li. Nou paka deranje ni anbete ni menase w oubyen okenn lòt moun a pwopo de bil yo. Si ou pa peye bil ou yo toujou, nap oblije fè yon demand pou peman bay Eta Nou Yòk.

Nou paka sispann sèvis paske ou pa gen Medicaid epi pesonn pap peye nou. Sepandan, si nap eseye sispann sèvis yo poutèt yon lòt rezon, ou oblije gen bon tip benefis Medicaid o swa peye pou sèvis pandan gen demach pou sispann sèvis yo.

Eksepsyon limite a

Si w ap resevwa sipò pou travay o swa sèvis de tan zan tan sèlman ou gendwa jwenn sa yo rele eksepsyon limite a. Sa vle di ke ou taka kontinye resevwa sipò pou travay o swa sè de tan zan tan (men pa tou lè de) san w pa aplike pou Medicaid ak rabè HCBS la epi san yo pa mande w peye pou sèvis yo. Pou w aprann plis sou eksepsyon limite, epi pou w we si ou ka vinn gendwa resevwa li, mande pou pape ki rele "Enfòmasyon sou eksepsyon limite a (information About the Limited Exception)".